



**YAYASAN KARYA BAKTI CABANG YOGYAKARTA
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA
KARITAS NGAGLIK
TERAKREDITASI**

Alamat: Nandan, Sariharjo, Ngaglik, Sleman, Yogyakarta. Telp. (0274) 624813

PENILAIAN AKHIR SEMESTER

TAHUN AJARAN 2020/2021

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VII
Hari/Tanggal : Senin, 24 Mei 2021
Waktu : 07.30 – 08.45

Pituduh:

1. Dedonga sadurunge nggarap soal
2. Gatekna lan manut perintah ing lembar jawaban kang sumadya
3. Laporna menyang guru mapel menawa ana tulisan kang kurang jelas
4. Garapen ing lembar soal bagian njero kotak
5. Tliti garapanmu sadurunge dikirim

Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulun jawaban a, b, c utawa d kang kok anggep bener !!

Wacan 1 (no 1 - 4)

Sawijining dina Kancil nganakake kembul bojana andrawina, kanca rakete diulemi, dene minangka tamu kang banget diutamakake yaiku Bango. Sawise adicara diwiwiti banjur tamu padha dimanggakake kango mangan. Anggone nyuguhi panganan diwadahi dulang utawa nampun sawise dimanggakake para tamu padha srupat-sruput mangan sop sing dadi suguhane. Mung Bango kang suguhane isih wutuh jalaran nduweni cucuk sing dawa lan lancip, bisane mung nyelupake cucuke sing pucuk. Sawise adicara rampung Bango rumangsa mung diapusi karo Kancil, dipameri sumupe duduh sop nanging ora bisa ngrasakake. Bango mangkel banget lan niat bakal meles marang tumindak Kancil.

Liya dina Bango genti nganake kembul bojana, kancane kabeh diulemi kalebu Kancil. Panganan kang disuguhake gule daging kang ambune midid gawe kemecere sing padha ngambu. Suguhane Bango pancen enak emane suguhan iku diwadahi bumbung, nyebabake Kancil ora bisa mangan. Kancil banjur kelingan marang tumindak marang Bango nalika ngundang kembul bojana, banjur rumangsa yen kabeh tumindak mesthi ana piwalese.

1. Cita ing ndhuwur kalebu jenise dongeng
 - a. Mithe
 - b. Sage
 - c. Fabel
 - d. Legenda
2. Paraga crita ing dongeng ndhuwur yaiku
 - a. Kancil lan baya
 - b. Kancil lan bango
 - c. Bango lan manuk cabak
 - d. Bango lan baya
3. Bango rumangsa diapusi dening Kancil jalaran
 - a. diundang kembul bojana andrawina
 - b. sing diundang kewan-kewan saalas
 - c. disuguhi sop sing panas
 - d. suguhane diwadhani nampun saengga ora bisa mangan
4. Kedadeyan kang njalari Kancil rumangsa yen kabeh tumindak iku ana piwalese yaiku
 - a. diundang kembul bojana dening Bango
 - b. Kancil ora bisa mangan suguhan kang diwadahi bumbungan
 - c. Kancil seneng banget disuguhi gule daging
 - d. Suguhane Bango luwih enak tinimbang suguhane Kancil

Wacana kanggo soal no 5 – 7

PADHANG BULAN

Ya prakanca dolanan neng njaba
Padhang bulan padhange kaya rina
Rembulane ne sing ngawe-awe
Ngelingake aja padha turu sore

5. Manut tembang ing ndhuwur isine ngandhut makna religious/keagamaan yaiku.....
 - a. Supaya wong padha turu sore.
 - b. Supaya wong padha turu wektu awan.
 - c. Supaya wong padha dolan ing wayah bengi.
 - d. Supaya wong tansah nindakake dhawuhe lan ngedohi larangane Gusti.
6. Tembang “Padhang Bulan” kalebu jinising tembang.....
 - a. lawas
 - b. dolanan
 - c. macapat
 - d. campursari
7. Padhang bulan padhange kaya rina. Tegese tembung “rina” yaiku.....
 - a. sore
 - b. esuk
 - c. awan
 - d. bengi

Wacana kanggo soal no 8 – 12

Pepadhang

Gumebyaring lintang wengi bisa dadi obor,
Minangka colok pepadhang bukak korining warisan,
Tinggalan leluhur kang sumimpen ing pethi wasiat,
Kang dianggep wadi ana sajeroning wingiting senthong,
Banjur kapan bakal tinarbuka,
Wasiat kang awujud serat lan kidung ing kitab kuna,
Senthong wingit kanggo nyimpen gamelan loro blonyo,
Uga tinggalane leluhur kang ngemu sasmita,

8. Gumebyaring lintang wengi bisa dadi obor. Ing ngisor iki dasanamane tembung lintang yaiku ...
 - a. Kartika
 - b. Rembulan
 - c. Dirgantara
 - d. Kerlap – kerlip
9. Minangka colok pepadhang mbukak korining warisan. Tembung warisan ing geguritan kasebut tegese ...
 - a. barang duweke leluhur
 - b. barang tinggalane leluhur
 - c. bandha sing dibagi sedulur
 - d. bandha sing bisa dadi rebutan sedulur

10. Kang dianggep wadi ana sajeroning wingiting senthong. Tembung senthong tegese ...
 - a. papan kanggo nyimpen beras
 - b. papan kanggo nyimpen bandha
 - c. papan kanggo nyimpen pusaka
 - d. papan kanggo turu
11. Senthong wingit kanggo nyimpen gamelan loro blonyo. Tembung wingit tegese...
 - a. angker
 - b. sepi
 - c. reged
 - d. peteng
12. Apa isi geguritan kang asesirah “Pepadhang” ?
 - a. Senthong kang angker amarga ora kena dibukak lawange
 - b. Lintang iku bisa dadi obor kang madhangi jagad raya
 - c. Warisan leluhur sumimpen ora kena dibukak dening sapa wae
 - d. Budaya warisan leluhur kang awujud kidung lan kitab kuna isih ana sing sumimpen
13. Maca geguritan kudu nggatekake wiraga, kang tegese ...
 - a. Solah bawa nalika arep maca geguritan
 - b. Patrap, sikap, obahing awak lan pasemon nalika maca geguritan
 - c. Patrap, sikap, obahing awak lan pasemon sawise maca geguritan
 - d. Patrap, sikap, obahing awak lan pasemon sadurunge maca geguritan
14. Babagan wirasa uga wigati, aja dilalekake amarga wirasa iku ...
 - a. Kanggo mbedakake apik lan orane geguritan
 - b. Kanggo ngetokake pinter lan orane sing maca
 - c. Kanggo nambahi greget anggane maca geguritan
 - d. Kanggo mbedakake isine geguritan iku sedih, seneng, semangat apa nesu
15. Geguritan iku salah sawijining asil kasusastran Jawa ...
 - a. Modheren
 - b. Tradisional
 - c. Tengah
 - d. Timur
16. Pranyatan kang ora trep karo unggah –ungguhe nalika pamitan yaiku ...
 - a. Patrape sopan ora kesusu
 - b. Matur kanthi basa kang becik
 - c. Sinambi mlayu amarga kesusu
 - d. Aja lali nyuwun dongane wong tuwa
17. Nalika kowe mlaku liwat ngarepe bapak kang lagi lenggah, becike matur ...
 - a. “Nuwun sewu nderek langkung, Pak!”
 - b. “Klamit riyin nggih, Pak!”
 - c. “Permisi, Pak!”
 - d. “Mit, Pak!”
18. Kang ora kalebu tatakramane nalika mlaku ing dalan yaiku ...
 - a. Mlaku ing sisih kiwa
 - b. Mlaku kanthi waspada lan ngati – ngati
 - c. Mlaku karo jejer – jejer ngebaki dalan
 - d. Ora sinambi gojegan lan ora karo dolana HP
19. Jam pitu esuk bel tandha piwulangan wes keprungu. Kelas pitu A wulangan basa Jawa jam kesiji, mula para siswa becike atur salam kanthi matur ...
 - a. “Sugeng enjang, Bu!”
 - b. “Sugeng siyang, Bu!”
 - c. “Sugeng sonten, Bu!”
 - d. “Sugeng dalu, Bu!”

20. Santi ketemu Bu Ranti ing toko buku Kurnia. Sikape Santi kang becik yaiku ...
 - a. Ndelik
 - b. Meneng wae
 - c. Ethok-ethok ora weruh
 - d. Methukake nyalami lan aruh-aruh
21. Nalika prei unggah – unggahan kelas aku sakanca padha dolan ing curug Banyu Niba. Pengalamanku ing papan iku nyenengke banget. Crita kang dialami banjur ditulis diarani...
 - a. Crita pengalaman
 - b. Crita sambung
 - c. Crita cekak
 - d. Crita roman
22. Crita kang nggambarake pengalaman kang nyenengke yaiku ...
 - a. Nandhang kacilakan numpak montor
 - b. Wisata menyang Guwa Cemara
 - c. Ora munggah kelas nalika SD
 - d. Ditinggal seda eyang putri
23. Pengalaman kang nggambarake lelakon sedih yaiku ...
 - a. Dadi juwara lomba sesorah
 - b. Dadi juwara lomba macapat
 - c. Kelangan sedulur kang ditresnani
 - d. Oleh undian saka acara jalan sehat
24. Saka ngomah tekan Gowa Cemara adohe udakara sepuluh kilo. Tembung udakara tegese
 - a. Cedhake
 - b. Papane
 - c. Wektune
 - d. Kira-kira
25. Pengalamanku nderek ibu menyang pasar Kota Gedhe idhep – idhep kanggo wisata. Tembung rangkep kang tinemu ing ukara kasebut yaiku ...
 - a. Pengalamanku
 - b. Idhep – idhep
 - c. Kota Gedhe
 - d. Nderek
26. Unen-unen kang ajeg panganggone mawa teges entar, ora nganggo gegambaran yaiku...
 - a. Geguritan
 - b. Paribasan
 - c. Kawruh basa
 - d. Tembang macapat
27. Gundul gundul pacul cul Gembelengan Nyunggi nyunggi wakul kul Gembelengan Wakul ngglimpang Segone dadi sak latar Wakul ngglimpang Segone dadi sak latar..... Apa tegese wakul ing lagu kui....
 - a. Wadhah uyah
 - b. Wadhah sega
 - c. Wadhah banyu
 - d. Wadhah uwuh
28. Piwulang budi pekerti ing lagu Gundul gundul pacul yaiku. . . .
 - a. Yen nyambut gawe bisa disambi sembrana
 - b. Tumindak sembrana bakal cilaka lan rugi wekasane
 - c. Nyambut gawe kanthi grusa grusu
 - d. Nyambut gawe ora perlu cepet-cepet

29. Apa tegese "sepur dhur " ing lagu sepuran ?
 - a. Sepur sing mlakune alon
 - b. Sepur sing ora tau mandeg
 - c. Sepur sing lakune banter
 - d. Sepur sing wis disimpen ing museum
30. Arane wong sing pakaryane nglakokake sepur yaiku. . . .
 - a. Sopir
 - b. Kondektur
 - c. Masinis
 - d. Lokomotif
31. Cacahing wanda saben sagatra kui yaiku ...
 - a. guru lagu
 - b. guru gatra
 - c. guru wilangan
 - d. guru tembang
32. Cacahe aksara jawa yaiku . . .
 - a. 16
 - b. 18
 - c. 20
 - d. 22
33. Klambi abang, yen ditulis aksara jawa dadi ...

a	b
អនុសាសនាបំណងបង្កើត	អនុសាសនាបំណងបង្កើត
c	d
អនុសាសនាបំណងបង្កើត	អនុសាសនាបំណងបង្កើត

34. Mlaku ing sisih kiwa. Ukara iku manawa katulis aksara Jawa kang bener

a. ꦭꦩꦏꦸꦁꦱꦶꦱꦶꦏꦶꦮꦏꦏꦸꦩꦤꦮꦏꦏꦠꦸꦭꦶꦱꦏꦱꦫꦗꦮꦏꦁꦧꦺꦤꦺꦫꦺꦴꦭꦺꦴ	b. ꦭꦩꦏꦸꦁꦱꦶꦱꦶꦏꦶꦮꦏꦏꦸꦩꦤꦮꦏꦏꦠꦸꦭꦶꦱꦏꦱꦫꦗꦮꦏꦁꦧꦺꦤꦺꦫꦺꦴꦭꦺꦴ
c. ꦭꦩꦏꦸꦁꦱꦶꦱꦶꦏꦶꦮꦏꦏꦸꦩꦤꦮꦏꦏꦠꦸꦭꦶꦱꦏꦱꦫꦗꦮꦏꦁꦧꦺꦤꦺꦫꦺꦴꦭꦺꦴ	d. ꦭꦩꦏꦸꦁꦱꦶꦱꦶꦏꦶꦮꦏꦏꦸꦩꦤꦮꦏꦏꦠꦸꦭꦶꦱꦏꦱꦫꦗꦮꦏꦁꦧꦺꦤꦺꦫꦺꦴꦭꦺꦴ

35. Aksara ing ngisor iki artine ...

ꦧꦶꦲꦏꦏꦺꦴꦭꦩꦩꦏꦸꦭꦭꦶꦁꦭꦶꦤꦁꦭꦶꦤꦁ

- a. wengi padhang lintang
- b. wengi padhang bintang
- c. wengi padhang bulan
- d. wengi ayo dolan

36. Gambar wayang kui arane



- a. Ramawijaya
- b. Anoman
- c. Dasamuka
- d. Lesmana

